

ESOL Orientation Booklet in Haitian Creole  
**Byenveni nan Pwogram**  
**ESOL Pou Granmoun nou an**



## Oryantasyon

**Pwogram ESOL pou Granmoun lan gen sis nivo epi li bay enstriksyon debaz nan lang angle pou moun ki abite nan Maryland ki pa pale angle kòm lang matènèl yo**

*This program is funded by the MD Dept. of Labor, Licensing, and Regulation, the U.S. Dept. of Education, and the Montgomery County Government. Montgomery College is an academic institution that is committed to equal opportunity and fostering diversity among its student body, faculty & staff.*

## Klas ki Disponib:

Alfabetizasyon	Debitan I	Debitan II
Entèmedyè I	Entèmedyè II	Avanse

\* Etidyan yo bezwen peye pou klas avanse. Tout lòt nivo yo gratis.

## Plasman nan Klas:

- Ou pral pran yon tès pou mete w nan nivo ki apwopriye a.
- Pa kopye oswa devine repons pandan tès la.
- Rezilta tès yo ede nou mete w nan nivo klas ki bon pou ou.
- Pran tès la pa garanti ke wap jwenn yon plas nan yon klas.
- Apre tès la, tounen ak kat ble a pou resevwa enfòmasyon sou klas la.

## Liv:

- Ou pral resevwa enfòmasyon sou liv ak pri yo premye jou klas la.

## Kondisyon pou Etidyan yo:

- Etidyan yo dwe abite nan Maryland. Yo dwe bay yon adrès, yon nimewo telefòn, ak yon nimewo sekirite sosyal (si yo genyen youn).
- Etidyan yo **pa dwe enskri** nan yon lekòl segondè piblik oswa prive.
- Etidyan yo **pa dwe gen** yon viza F1 oswa J1 ki aktyèl.
- Etidyan yo ka enskri nan **YON SEL LEKÒL** sèlman.
- Etidyan yo **pa ka** mennen pitit yo lekòl la.
- Etidyan yo dwe rive nan klas alè epi yo pa ka kite anvan lè.
- Etidyan yo dwe gen omwen **18 an** pou yo ka enskri nan lekòl la.

Klas mwen kòmanse a: \_\_\_\_\_ AM/PM epi li fini a: \_\_\_\_\_ AM/PM.

Klas mwen fèt nan jou sa yo:

lendi	madi	mèkredi	jedi	vandredi	samdi

Mwen pral retounen isit la nan dat : \_\_\_\_\_. Dènye jou klas la se: \_\_\_\_\_.

## Politik Prezans ak anreta:

- Si yon etidyan rate **2 PREMYE** klas yo, y ap retire li nan klas la, epi li pral pèdi plas li. Etidyan an ap resevwa enfòmasyon sou fason pou li enskri nan pwochen sesyon an. Li p ap gen dwa tounen pandan sesyon sa a.
- Pandan sesyon an, si yon etidyan ale nan youn nan de premye klas yo, men li rate plis jou pase kantite jou ki endike anba a (gade pati ki make nan tablo a), y ap retire li nan kou a. Etidyan an ap resevwa enfòmasyon sou fason pou enskri nan pwochen sesyon an. Li pap gen dwa tounen pandan sesyon sa a.

DESKRIPSYON KLAS YO:	TOTAL ÈDTAN KLAS YO:	ETIDYAN YO KA ABSAN:
ESOL (Samdi)	60 èdtan	4 fwa
ESOL (AM/JOUPM)	60 èdtan	6 fwa
ESOL (Plis pase 60 èdtan)	75/90/100 èdtan respektivman	8 fwa

• Nan ka kote yon etidyan kontinye ap rive an reta oswa kite klas la bonè souvan, yo ka retire etidyan an nan klas la.

## Kesyon Yo Poze Souvan

- ❖ **Konbyen tan li pran pou m pase nan yon lot nivo?**
  - Pifò elèv ka bezwen omwen 120 èdtan nan klas pou yo pase nan yon lot nivo. Li diferan pou chak elèv.
- ❖ **Eske mwen ka chanje nivo apre plasman?**
  - Pandan sesyon an, nou pral sèlman deplase elèv ki ta dwe nan nivo Alfabetizasyon oswa Debitan I. Pou tout lòt elèv, ou pral bezwen tann pwochen sesyon an kòmanse pou chanje nivo.
- ❖ **Mwen fek reyalize mwen pa ka patisipe nan pwochen sesyon an. Kisa mwen dwe fè?**
  - Pase tès plasman an, men di pwofesè a ke ou pa ka vini nan sesyon sa a. Konsa ou p'ap bezwen fè tès la ankò, epi ou ka pran yon klas nan pwochen sesyon an.
- ❖ **Ki lòt klas pwogram sa a ofri?**
  - Nou gen klas pou ede w prepare pou domèn travay tankou metye konstriksyon, swen sante, sèvis kliyan, ak teknoloji enfòmasyon. Mande pwofesè ou pou plis detay.

# PROSPECTIVE STUDENTS MUST COMPLETE THIS INFORMATION AT HOME, AND BRING IT BACK THE FIRST DAY OF CLASS:

(If you are unable to fill out this information by yourself, ask your family members, or friends for help.)

<b><u>STUDENT SSN:</u></b>		<b><u>MC ID NUMBER:</u></b>	<b>M-</b>	<b><u>GENDER:</u></b>	
				<input type="checkbox"/> Male <input type="checkbox"/> Female <input type="checkbox"/> Other	
<b><u>LAST NAME:</u></b>		<b><u>FIRST NAME:</u></b>		<b><u>MIDDLE NAME:</u></b>	
<b><u>ADDRESS:</u></b>	<i>Number:</i> _____ <i>Street Name:</i> _____			<b><u>APT</u></b>	
<b><u>CITY:</u></b>		<b><u>STATE:</u></b>		<b><u>ZIP CODE:</u></b>	
<b><u>PHONE NUMBER:</u></b>					
<b><u>E-MAIL:</u></b>		<b><u>DATE OF BIRTH:</u></b>	, ,	<b><u>AGE:</u></b>	
<b><u>WHERE WERE YOU BORN? (COUNTRY)</u></b>			<b><u>NATIVE LANGUAGE:</u></b>		
<b><u>WHERE DID YOU GO TO SCHOOL?</u></b>	<input type="checkbox"/> In the United States <input type="checkbox"/> In another country <input type="checkbox"/> Both in the United States and another country <input type="checkbox"/> I did not go to school		<b><u>EMERGENCY CONTACT</u></b>		
			<b><u>EMERGENCY CONTACT</u></b>		
<b><u>HIGHEST EDUCATION/DEGREE COMPLETED:</u></b>	<input type="checkbox"/> Grade 1-11 ( <b>enter the highest grade completed</b> ): _____ <input type="checkbox"/> Grade 12 or higher, NO diploma <input type="checkbox"/> Special Education ( <b>enter the highest grade completed</b> ) _____				
	<input type="checkbox"/> High school diploma <input type="checkbox"/> Other credentials/certificates in the United States <input type="checkbox"/> Some college-no degree <input type="checkbox"/> College Degree				
<b><u>EMPLOYMENT STATUS:</u></b>	<input type="checkbox"/> Employed (full time) <input type="checkbox"/> Employed (part time) <input type="checkbox"/> Unemployed (no job, but actively looking for one) <input type="checkbox"/> Not in the labor force (no job, and NOT looking for one)				

This program is funded by the MD Dept. of Labor, Licensing, and Regulation, the U.S. Dept. of Education, and the Montgomery County Government. Montgomery College is an academic institution that is committed to equal opportunity and fostering diversity among its student body, faculty & staff.